# Ózbekstan Respublikası Bas prokurorınıń orınbasarı Svetlana Artikova Máhállelerde jaslar menen islesiw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası komissiya májilisine qatnastı

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 19-yanvardaǵı “Máhállelerde jaslar menen islesiw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw is-ilájları haqqında”ǵı PQ-92-sanlı qararınıń orınlanıwı boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası Komissiyasınıń májilsi bolıp ótti.

Image not found or type unknown

Májiliste studiyalardan Ózbekstan Respublikası Bas prokurorınıń orınbasarı Svetlana Artikova, Mámleketlik qáwipsizlik xızmeti juwapkerleri, qala hám rayon hákimlikleri, sektor basshıları menen máhállelerde jaslar menen islesiw máselelerin muwapıqlastırıw boyınsha komissiya aǵzaları qatnastı.
Májilisti Qaraqalpaqtsan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Q.Sariev alıp bardı.

Image not found or type unknown

Búgingi kúnde Prezidentimiz tárepinen jaslar menen islesiw, olardıń mashqalaların tikkeley máhálleniń ózinde saplastırıw hám bos waqıtların mazmunlı ótkeriwin shólkemlestiriw boyınsha bir qatar wazıypalar belgilep berilgen.
Atap aytqanda, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 19-yanvardaǵı “Máhállelerde jaslar menen islesiw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw is-ilájları haqqında”ǵı PQ-92-sanlı qararına muwapıq jaslar menen islesiw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikasında pútkilley basqasha jańa sistema tiykarında jumıslar jolǵa qoyıldı.
Sonıń menen birge usı qarar tiykarında máhállelerde Jaslar jetekshisi lawazımı eńgizilip, búgingi kúnde Qaraqalpaqstan Respublikasında 424 jaslar jetekshisi jumıs alıp barmaqta.

Image not found or type unknown

Májiliste Qaraqalpaqstan Respublikasında jaslardıń bántligin támiyinlew, olar arasındaǵı jınayatshılıqtıń aldın alıw, bilimlendiriw menen qamtıp alıw dárejesin arttırıw hám

isbilermenlikke tartıw boyınsha alıp barılıp atırǵan jumıslar talqılandı hám juwapkerlerdiń esabatı tıńlandı. Sonıń menen birge bul jumıslardı jáne de jetilistiriw boyınsha anıq tapsırmalar berildi.

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti